

ESPLIKASYON SOU KÈK MO

Ansyen :

Arsyen yo fè pati pèp Izrayèl la. Yo parèt tankou chèf yon gwoup fanmi oswa dirijan yon lokalite (1Sam 16,4). Yo sèvi kòm jij (Dt 21,2-4.19).

Nan tan Jezi, nou jwenn yon gwoup moun ki pote menm non an. Se Ansyen yo ki te kenbe tradisyon ak koutim lontan yo (Mk 7,5). Yo te gen gwo enfluyans ni sou sosyete a, ni sou relijyon an. Nan Levanjil yo, nou jwenn yo souvan bò kote pwofesè Lalwa yo, Farizyen yo ak chèf prèt yo (Mk 8,31 ; Lk 9,22 ; Mt 16,21).

Nan Travay Apot yo, nou wè premye kominote kretyen yo tou te òganize ak Ansyen alatèt yo (T Ap 14,23 ; 20,17). Yo parèt anpil fwa bò kote Apot yo (T Ap 15,2.4.6).

Nan lang grèk, Ansyen se « Presbyteros ». Se sa ki bay mo « Presbit » la. Se nan mo sa a « Prèt » Nouvo Kontra, nou genyen jodi a nan Legliz la, sòti.

Antikris :

Levanjil yo pa gen mo sa a, ni yo pa pale sou yon pèsonaj konsa. Men yo anonse pral genyen fo kris ak fo pwofèt nan dènye jou yo (Mt 24,24 ; Mk 13,22).

Mo « Antikris » la pa parèt nan 2Tes 2,4-10, men yo prezante aktivite pèsonaj la ak tout detay. Li gen pou l montre fòs li anvan Kris la vini, tankou yon lènmi ki sòti pou l detwi travay Bondye. Men Kris la pral ranpòte viktwa sou li. Sa fè nou sonje sa nou jwenn nan Dan 11,36.

Nou jwenn mo Antikris la nan premye lèt Jan an. Antikris la gen pou l vini (1Jn 2,18). Se yon lènmi menm jan ak sa yo anonse nan 2Tes 2,4-10 la, k ap vini nan dènye jou yo.

Gen lòt kote nou wè Antikris, se pa yon moun pou kont li, men plizyè moun. Youn anpami tout mak ki fè yo dekouvri l, se jan li pa aksepte Kris la se moun toutbon vre (1Jn 4,3).

Apot :

Yon Apot se yon patizan Jezi Kri ki, non sèlman ap swiv li, men ki rete bò kote l pou

li viv avè 1 epi pou 1 ale nan misyon (Mk 3,12). Mo Apot la vle di « sila yo voye a ». Jezi te chwazi douz Apot.

Pòl bay tèt li tit Apot kòm yon dwa li genyen apre li te fin wè Kris ki leve byen vivan an e ki te fè 1 konnen anpil bagay ki te kache (1Kor 9,1-2; 15,8-10; 2Kor 12,1-2).

Nan Nouvo Kontra a gen lòt moun toujou ki pote tit Apot pou kalite travay yo ak reskonsablit yo nan Legliz la (T Ap 14,14 ; Wm 16,7).

Azyak :

Se non yo te bay gouvènè pwovens Lazi. Se li ki te konn fè ofri sèvis relijyon pou Wòm ak lanprè a. Li te alatèt tout gwo chanpyon atlèt yo. Menm lè li pa t an fonksyon ankò, li te toujou konsève tit li. Gen pamì yo ki te an favè Pòl (T Ap 19,31).

Batèm :

Nan relijyon Jwif yo, moun yo te konn sèvi ak dlo pou yo pwòpte kò yo dekwa pou yo kenbe yon rapò sakre ak Bondye (Resansman 19,19-20). Kominote esenyen yo te gen abitid sa a tou.

Se nan abitid sa a Janbatis vin tabli seremoni batèm nan pou moun chanje kè yo ak pou yo jwenn padon pou peche yo (Mk 1,4). Jezi ak patizan 1 yo kore mouvman batèm Janbatis lan. Jezi kite Janbatis batize 1 (Mt 3,13-15). Li menm ak patizan 1 yo batize moun (Jn 3,26 ; Jn 4,2) e li bay patizan 1 yo misyon pou yo al batize (Mt 28,19). Batèm Jezi ak patizan 1 yo al pi lwen pase pa Janbatis la (Mt 3,11). Nan tan Jezi ak patizan 1 yo, e nan kòmansman Legliz la, yo te konn batize moun ki grandèt sèlman epi se nan dlo yo te konn plonje yo. Se evèk yo sèlman ki te konn batize. Men ti pa ti pa yo te vin kòmanse batize timoun piti tou, lè paran yo te kretyen. Orijèn ki te viv nan finisman dezyèm syèk rive nan mitan twazyèm syèk (ant 185 ak 254 apeprè) fè nou konnen batèm timoun te yon koutim ki te byen tabli. Ak batèm timoun yo, fòm batèm vide dlo sou tèt la te kòmanse gaye sou teren an. Fòm batèm plonje nan dlo a la toujou,

ESPLIKASYON SOU KÈK MO

men li pa yon obligasyon. De fòm batèm sa yo se de branch nan devlopman teyoloji batèm lan. Yo chak gen valè yo. Youn pa anile lòt.

Chèf prèt:

Chèf prèt yo se prèt sa yo ki te genyen gwo reskonsablite nan sosyete a, men sitou nan Tanp lan. Pami chèf prèt yo nou jwenn :

- 1) Tout ansyen Prèt anchèf yo ki pa t nan fonksyon ankò
- 2) Tout prèt ki te alatèt 24 kategori prèt ki te konn sèvi nan Tanp lan
- 3) Prèt ki te kòmande Tanp lan (T Ap 4,1 ; 5,24).

Kòmandan Tanp lan t ap dirije tout ekip jandam ki t ap bay sekirite nan Tanp lan (Lk 22,4). Li te asistan Prèt anchèf la. Rapò yo ak Jezi (Jn 7,45-46), ak Apot yo (T Ap 5,24). Pi wo pase Chèf prèt yo, nou jwenn Prèt anchèf la. Se li ki te prezidan Sanedren an, oswa Gran Konseù ki t ap dirije lavi pèp Jwif la ni nan afè relijyon, ni nan afè politik. Pi gwo privilej li, se te antre nan kote ki pi sakre nan Tanp lan, yon fwa chak lane (Levitik 16; Eb 9,7). Pou rapò yo ak Jezi gade Jn 11,49-52 ; 18,12-24. Pou rapò yo ak Apot yo gade T Ap 5,17.

Senp prèt yo te gwoupe nan 24 kategori dapre 1 Kwonik 24,1-19. Chak kategori te reskonsab sèvis Tanp lan pou yon semèn, sòti sou yon saba rive nan yon lòt. Chak kategori te divize an seksyon. Chak seksyon te gen jou pa l pou l asire sèvis Tanp lan. Li te gen yon chèf alatèt li. Tout prèt yo pa t viv Jerizalèm, men pi fò nan yo te gaye nan tout peyi a. Yo te monte Jerizalèm sèlman pou yo t al fè sèvis yo, lè tou pa yo te rive (Lk 1,8-9). Pou rapò prèt yo ak Jezi gade Mt 8,4. Rapò yo ak Apot yo oswa premye kretyen yo, gade T Ap 6,7.

Demon:

Gade Satan.

Denye:

Se yon pyès lajan women ki te peze 3 gram 89 konsa. Li te gen valè aperè 0,30 dola ameriken. Se te pri lajan yon jounen travay (Mt 20,2). Se avè 1 yo te konn sèvi pou achte danre chak jou (Mk 6,37) ak pou peye Women yo taks (Mt 22,15-22).

Didrak :

Pyès lajan sa a te gen valè 2 drak. Se avè 1 yo te konn sèvi pou peye taks pou Tanp lan (Mt 17,24-27).

Diyoskou:

Nan relijyon women yo, Kastò ak Poliks se te 2 bondye ki te mache ansam. Yo te ba yo pote non «Diyoskou». Se non sa a bato Pòl te pran sòti zile Malt rive Wòm te pote (T Ap 28,11).

Drak:

Yon pyès lajan ki te an sikilasyon divès kote depi Aleksann Legran te fin okipe yon kantite peyi. Lajan sa a ki te peze 3 gram 80 konsa, te gen prèske menm valè ak yon denye women. Yon sèl kote yo pale sou lajan sa a nan Nouvo Kontra a, se nan para-bòl «Drak ki te pèdi a» (Lk 15,8).

Dyab:

Gade Satan.

Dyak:

Se yon mo nan lang grèk ki vle di «sèvitè». Premye dyak Legliz la se sèt mesye sa yo Apot yo te chwazi pou separe byen materyèl kominote a (T Ap 6,1-6). Memsi de premye yo nonmen nan lis la, Etyèn ak Filip, te gen don pou preche Pawòl la (T Ap 7,1-53 ; 8,5-13.28-40).

Nan lèt Pòl ekri pou moun Filip yo, dyak yo parèt tankou asistan ‘episkòp yo’ (Flp 1,1). Pòl di Timote ki kalite yon dyak dwe genyen (1Tm 3,8-10).

Te gen kèk fi tou ki te sèvi kòm dyak nan Legliz la lontan. Nou konnen non youn pamí yo, se Febe ki te dyakonès nan Legliz Sankre (Wm 16,1). Sanble wòl yo, se te ede medam yo.

Episkòp :

Mo sa a sòti nan lang grèk. Li vle di «siveyan». Menmsi fonksyon episkòp yo sanble ak fonksyon presbit yo nan yon sans (Tit 1,7), nan yon lòt sans, yo pa menm (Tit 1,5). Sa pral parèt aklè nan lèt Sent Inyas, evèk Antyòch. Pòl di ki kalite yon episkòp dwe genyen (1Tm 3,1-7).

Estad :

Se yon distans 185 mèt. Se Grèk yo ki te

ESPLIKASYON SOU KÈK MO

konn sèvi ak mezi sa a. Jwif yo vin adopte 1 tou nan epòk grèk yo te okipe Palestin. Yo te kenbe 1 tout lè okipasyon Women yo (Jn 6,19; Lk 24,13). Mo estad la te vle di tou yon teren pou atlèt k ap fè kous apye. Gen kote teren sa a te mezire distans yon estad, sa vle di 185 mèt.

Ewòd :

Gen plizyè wa ki te pote non Ewòd. Pou kòmanse gen Ewòd Legran (73 rive 4 anvan Jezi Kri). Li t ap gouvènen sou yon gwo teritwa ki kouvrì Jide, Galile, Samari epi rive pi lwen toujou. Li te gen pwoteksyon Women yo. Se li ki parèt nan Mt 2,1-18 ; Lk 1,5.

Apre sa nou jwenn twa pitit Ewòd Legran ;

- 1) Ewòd Antipas fèt lane 22 anvan Jezi Kri epi li gouvènen depi lane 4 anvan Jezi Kri rive lane 39 apre Jezi Kri. Se non 1 ki parèt pi souvan nan Levanjil yo (Lk 3,1 ; 13,22 ; 13,31 ; 13,32 ; 23,7 ; 23,6-2 ; Mk 6,14 ; 6,17-29).
- 2) Ewòd Filip I: premye mari Ewodyad ki kite 1 pou 1 al rete ak frè 1 Ewòd Antipas. Piti fi Ewodyad la, Salome, se ak Ewòd Filip I li te fè 1 (Mk 6,17-18).
- 3) Ewòd Filip II, lane 4 anvan rive lane 34 apre Jezi Kri. Li te rete ak Salome, nyès li, pitit Ewodyad ak Ewòd Filip I (Lk 3,1 ; Mk 8,27).

Epi nou rive sou yon pitit pitit Ewòd Legran :

Ewòd Agripa I fèt lane 10 anvan Jezi Kri, li gouvènen depi lane 39 rive lane 44 apre Jezi Kri. Se non 1 ki parèt nan T Ap 12,1-23.

Pou fini gen yon pitit Ewòd Agripa I, ki pitit pitit Ewòd Legran sou twazyèm jenerasyon, se :

Ewòd Agripa II, fèt nan lane 27, epi li gouvènen depi lane 44 rive lane 93 apre Jezi Kri. Li te rete ak pwòp sè 1, Berenis. Se li nou jwenn nan T Ap 25,13-26.32.

Ewodyen :

Se yon gwoup politik ki te patizan Ewòd Antipas e ki te sèvi l espyon (Mt 22,16). Yo te lènmi Jezi.

Farizyen :

Mo « Farizyen » sòti nan « peroushim », yon mo ebre ki vle di « separe ». Farizyen yo

te pran tèt yo pou moun ki pwòp, yo pa t vle mele ak moun ki sal, moun ki nan peche, ki pa fè sa Lalwa Moyiz la mande.

Menmsi kèk te aksepte batèm Jan an (Mt 3,7-10), yo te voye Levanjil Jezi Kri a jete. Se pou sa Jezi te di pawòl ki rèd pou yo (Mt 23). Sèlman, gen kèk ki te diferan, nou jwenn Nikodèm (Jn 7,50-52). Nan kòmans-man Legliz la tou se yon Farizyen yo rele Gamayèl, ki te defann Apot yo (T Ap 5,34) epi li te pwofesè Pòl (T Ap 22,3). Konsa Pòl te yon Farizyen, ki apre li fin tounen patizan Jezi Kri, pral simaye Levanjil la divès kote (T Ap 22,1-22).

Glwa :

Mo sa a sòti nan lang laten « Gloria ». Mo laten ‘Gloria’ a se tradiksyon yon mo ebre yo rele ‘kabòd’. Kisa ‘kabòd’ ye? Se yon bagay yo peze nan balans. Konsa yo wè si 1 lou oswa lejè. Lè se yon moun, ‘kabòd’ vle di tou sa ki bay moun nan valè kòm richès, pozisyon sosyal, prestij, siksè, otorite, pouvwa, lasante ak bèlte (1 Samyèl 6,5 ; Egzòd 28,2 ; Mt 4,8). Lè se Bondye, ‘kabòd’ vle di pisans ak kapasite 1 ki pa gen limit. Li gen tout pouvwa. Travay li se yon mèvèy san parèy (Egzòd 14,18 ; Egzòd 24,17). Li sen (Izayi 6,3). Li sen, li bèl (Egzòd 34, 29).

Se glwa Bondye a ki pase nan lavi Jezi Kri, pitit li (Jn 1,14 ; Eb 1,3 ; Lk 2,9 ; 9,30-36 ; 24,26). Yon kreyen pa gen glwa pèsonèl, men li bay Bondye glwa (Ef 1,14 ; 1Kor 6,18-20 ; Jn 2,11,18-19 ; T Ap 13,48). Li vle di lwanj tou, lwanj pou Bondye (Wm 16,27).

Anpil fwa, an kreyòl, nou jwenn mo ‘bèlte’ oswa ‘pouvwa’ kòm tradiksyon mo ‘kabòd’ an ebre, oubyen ‘doksa’ an grèk. Men mo ‘bèlte’ a se yon aspè sèlman nan gwo reyalite sa a, nou pito sèvi ak mo ‘glwa’ ki vlope tou sa ki genyen ladan 1.

Jèn :

Fè jèn, se rete san manje espre nan fè penitans pou nou mande Bondye padon, oubyen pou nou mande 1 yon gwo favè, oswa anvan nou poze yon aksyon enpòtan nan sèvis li (Resansman 29,7 ; 1 Samyèl 7,6 ; Jidit 8,5-6 ; Estè 4,16).

Nan tan Jezi Kri, Farizyen yo te konn fè jèn de fwa pa semèn, lendi ak jedi (Lk

ESPLIKASYON SOU KÈK MO

18,12). Jezi Kri te fè jèn nan dezè a anvan li kòmanse misyon 1 (Mt 4,2). Li mande patizan 1 yo fè jèn san moun pa konnen, san moun pa wè (Mt 6,16). Jèn, se youn nan gwo aktivite espirityèl pèp jwif la.

Joupa:

Apre Pak ak Lapannkot se twazyèm pi gwo fèt Jwif yo. Fèt sa a ki an rapò ak rekòt jaden mwa sektanm (Egzòd 23,16) fè sonje tan pèp la te pase ap viv nan dezè anba ti joupa (Lev 23,42-43). Nan tan Jezi, lè yo t ap selebre fèt sa a (Jn 7,2), prèt yo te konn al chèche dlo nan fontèn Siloye pote nan Tanp lan (Jn 7,37-38). Yon lè te rive kote li te fè yon sèl ak fèt Lapannkot la.

Kontra:

Bondye pase yon kontra renmen ak Izrayèl (Egzòd 19, 3-6). Se Bondye ki ofri 1 sa an premye. Dapre kontra sa a, Bondye chwazi Izrayèl kòm yon pèp apa pou li. Izrayèl, bò kote pa 1, chwazi Bondye kòm Granmèt li ak sèl Bondye ki la pou tout moun. Apre li, pa gen okenn lòt Bondye. Pwofèt yo te ede Izrayèl kenbe angajman kontra a nan fè sa lòd Bondye yo mande 1. Yo fè Izrayèl sonje kontra a (Oze 1,9-10 ; Jer 24,7 ; Ezk 11,20 ; Zak 2,15) e yo fè 1 repwòch lè li kase 1 (2Wa 17 ; Oze 2,25 ; Iz 31,1).

Bondye pase yon Nouvo Kontra ak pèp li a nan Jezi Kri (Mt 26,28 ; Mk 14,24 ; Lk 21,20 ; 1Kor 11,25). Nouvo Kontra sa a vin reyalize sa Jeremi te anonse a (Jer 31,31).

Se poutèt sa nou pale kounye a de Ansyen Kontra ak Nouvo Kontra.

Koude:

Se yon distans apeprè 44 santimèt (Mt 6,27 ; Jn 21,8). Yon koude genyen 2 apan (22 santimèt).

Kris:

Se yon mo ki sòti nan lang grèk ‘Kristos’ ki vle di sila a yo fwote ak lwil la. Nan sans sa a ‘Kristos’ se tradiksyon ‘Mashiak’ an ebre. Se ‘Mashiak’ ki bay ‘Mesi’. Ki fè ‘Kris’ ak ‘Mesi’ se menm bagay. Nan Ansyen Kontra a, se wa yo ak prèt yo, yo te konn sakre ak lwil, e se yo menm ki gen tit ‘Kris’ ak ‘Mesi’ (1 Samyèl 24,7 ; 26,1 ; 2 Samyèl

1,14 ; Egzòd 29,7 ; Lev 21,10). Yo pa sakre pwofèt yo ak lwil, men yo gade misyon yo kòm moun yo sakre. Se konsa Bondye mande pwofèt Eli pou 1 sakre Elize (1Wa 19,16).

Kòm Sovè pèp Izrayèl t ap tann nan, se te yon wa nan ras David, se poutèt sa yo te rekonèt nan Jezi se li menm ki Kris la, Mesi a ak Pitit David la (Mt 1,16 ; T Ap 5,42 ; Wm 1,1 ; 6,4 ; Lk 1,32 ; Mt 21,9 ; T Ap 2,29-32).

Lalwa:

Se tout règleman ak prensip nou jwenn nan senk premye liv Bib la, yo rele Pentatek. Lavi pèp Izrayèl la, ni nan afè reliyon, ni nan afè politik te baze sou règleman ak prensip sa yo. Dapre tradisyon pèp Izrayèl la, se Moyiz ki lotè règleman ak prensip sa yo. Se pou sa yo toujou di : «Lalwa Moyiz», oswa yo nonmen non Moyiz pou kore tèl ou tèl atik nan Lalwa a (Mt 19,7-8 ; 22,24 ; Lk 2,22 ; Jn 8,5 ; Mk 7,10 ; 12,19-26 ; Lk 16,29 ; Jn 1,17).

Lapankòt:

Sa vle di ‘senkantyèm’. Se yon fèt Jwif yo te konn fete senkant jou apre fèt Pen san ledven yo, oswa Pak (Resansman 28,26). Nan fèt sa a yo te konn sonje kontra Bondye te pase ak pèp Izrayèl la. Se yon fèt ki te mennen anpil pèlren Jerizalèm.

Lapannkot Kretyen yo fete jou Lespri Sen te desann sou Apot yo. Se te 50 jou apre Jezi te leve byen vivan (T Ap 2,1-4).

Las:

Se yon pyès lajan women, an bwonz. Menm si 1 te peze plis pase 10 gram, kòm se an bwonz li te ye, li pa t gen twòp valè. Li te vo apeprè 0, 05 dola ameriken. Se te pri de ti zwazo (Mt 10,29).

Mesi:

Gade Kris.

Pak:

Mo sa a ta kapab vle di ‘pasaj’, ‘pase lòt bò’, men yo pa fin twò sèten ki sans li genyen toutbon. Se youn nan twa pi ansyen fèt Jwif yo, ki te atire anpil pèlren nan Tanp Jerizalèm lan.

ESPLIKASYON SOU KÈK MO

Pak Jwif yo selebre de bagay : fèt pen san ledven ak fèt delivrans pèp Izrayèl anba esklavaj Lejip la (Detewonòm 16,1-8).

Dènye Soupe Jezi te pran ak Apot li yo se Jedi Sen. lè Jezi t ap fete Pak Jwif yo anvan li te mouri, pou li te bay lavi 1 kòm pri delivrans tout moun sou tè a (Mt 26,26-28). E li vin tounen fèt Jezi ki leve byen vivan an.

Jezi anонse yon Pak k ap vini nan finisman dènye tan yo (Mt 26,29). Dapre yon desizyon konsil Nise an 325, yo selebre Pak Kretyen yo premye dimanch ki vini apre plèn lin ki tonbe touswit apre 21 mas.

Patizan :

Yo te wè nan Jezi yon Mèt (Jn 11,28 ; Mt 22,16), yon Pwofesè (Mk 1,21-22), yon Lidè (Jn 6,14-15), ki te gen anpil moun dèyè 1 (Lk 19,37). Moun ki t ap swiv li yo se yo menm ki patizan 1. An franse yo di ‘disciple’. Gen tradiksyon kreyòl ki mete ‘disip’. Nou pito di ‘patizan’ paske moun k ap mache dèyè Kris la se pa yon senp elèv k ap koute yon pwofesè, men yon patizan ki kite tout bagay dèyè e ki pare pou li bay lavi 1 pou li (Lk 14,26-27). Se pa yon sèvitè konsa konsa devan yon mèt, men yon zanmi ki renmen ak konviksyon e ki pran angajman (Jn 14,21-24 ; 15,14-15).

Peyi kote Bondye Wa a :

Gen anpil sòm ki di Bondye Granmèt la se li menm ki Wa (Sòm 24,7-10 ; 47,3 ; 96 rive 99). Peyi kote Bondye Wa a ak gouvenman Bondye ki pral tabli sou tout bagay, se yon limyè lespwa pwofèt yo, limyè nan kè nou (Iz 24,18-23 ; Zak 14,6-21 ; Dan 2,7-9). Nan lapriyè Jezi montre Apot li yo, li di: « se pou yo rekonèt se ou ki Wa » (Mt 6,10). Ak vini Jezi sou tè a, Peyi kote Bondye Wa a deja tabli sou tè a (Lk 17,21) men 1 ap fin rive bout nèt, lè Jezi va tounen (Mt 26,29).

Pibliken :

Nan tan Jezi, yon pibliken se yon kolektè taks. Pèp la te rayi yo, paske yo te pase pou moun k ap kolabore ak Women yo ki te okipe Palestin e ki t ap ranmase lajan pou yo. Anplis, nan ranmase lajan, yo te konn fè moun yo anpil enjistis (Lk 19,8). Yo te mete yo nan menm kategori ak jennès yo (Mt

21,3-32). Yo te sisplèk moun ki te frekante yo (Mt 9,10-11).

Pitit David :

Gade Kris.

Pitit moun nan :

Mo sa a sòti nan Danyèl 7,13-14. Pitit moun nan alatèt Peyi kote Bondye Wa a pwofèt yo te anonse a. Se tit sa a Jezi te bay tèt li (Mt 11,9 ; 17,9.22 ; 24,30 ; 25,30 ; 26,64). Konsa, li montre ak mo sa a se moun li ye toutbon vre, epi li evite tout bagay ki politik nou te kapab jwenn nan yon tit tankou Pitit David oswa Mesi.

Poze men :

Se yon jès ki montre rapò ki egziste ant moun ki poze men an ak sila a yo poze men sou li a. Souvan sa montre gen yon pouvwa ki pase sòt nan youn al nan yon lòt (Jenèz 48,14-16 ; Resansman 27,18-21 ; Mt 9,18 ; Mk 10,16 ; 16,18). Se yon jès benediksyon, ki pral pase nan litiji Legliz la.

Presbit :

Gade Ansyen.

Prèt :

Gade chef prèt.

Prèt anchèf :

Gade chef prèt.

Pwofesè Lalwa :

Se nèg save ki te konn kopye Lalwa a. Konsa yo te konnen 1 byen, yo te kapab esplike 1 ak fè aplike 1 (Esdras 7,6 ; Neyemi 8,8 ; Mt 13,52). Yo te fè pati Sanedren oswa Konsèy pèp Izrayèl la. Yo te gen anpil respè pou yo, e yo te gen bon rapò ak Farizyen yo. Yo pa t gen bon rapò ak Jezi (Lk 6,7 ; 20,20-26 ; Mt 9,3 ; 23,2-36 ; Mk 15,31). Nan tan Jezi, te gen de pamì yo ki te gen gwo renomen, Hilèl ak Chamay.

Saba :

Rasin mo sa a vle di « sispann travay » (Jenèz 2,2-3). Saba a gen anpil enpòtans nan Ansyen Kontra a. Li fè pati dis kòmandman yo (Egzòd 20,8-11). Pèp Izrayèl la pa dwe neglige 1 (Egzòd 23,12 ; 31,12-17 ; 34,21).

ESPLIKASYON SOU KÈK MO

Jezi pratike saba a (Lk 4,16-22). Men li pa t dakò pou pratik saba a enpoze yon moun sove lavi yon lòt oswa fè 1 byen (Mt 2,27; Lk 13,10-16; 14,1-5). Piplis toujou, li di li se mèt saba a (Mk 2,28) e Papa l pa sispann travay (Jn 5,17). Konsa li wete sou gwo enpòtans yo te bay saba a nan Ansyen Kontra a. Konsa nou kapab konprann pouki-sa patizan l yo, apre li te fin leve byen vivan premye jou semèn nan, vin adopte dimanch kòm jou sèvis ak lwanj Bondye nan plas samdi ki koresponn ak jou saba a (T Ap 20,7 ; Ap 1,10).

Sadiseyen :

Non yo sòti nan Sadòk, yon Prèt anchè ki t ap viv nan tan David ak Salomon (2 Samyèl 8,17; 1Wa 1,34). Yo te manm gran fanmi prèt ki rich yo. Yo te gen anpil tolerans pou koutim pèp etranje yo, men yo pa t kapab sipòte tradisyon oral la. Se sa ki ekri nan Lalwa a sèl yo te konnen. Epi Lalwa a pou yo se senk liv Pentatèk yo. Yo pa rekonèt okenn lòt liv. Yo te make Jezi ak Apot yo byen di (Mt 16,1-2; 22,23-33; T Ap 5,17-18). Yo pa t kwè ni nan leve byen vivan mó yo (Mt 22,23-33; T Ap 4,1-2; 23,6-8), ni nan zanj yo (T Ap 23,8), ni nan lapwovidans.

Sanedren :

Yo rele l tou Gran Konsèy. Tribunal siper-yè jwif yo nan tan Jezi ak Apot yo. Li te gen 71 manm yo te chwazi pamí Ansyen yo, Prèt anchèf an fonksyon an ak lòt yo ki pa t nan sèvis ankò, epi pwofesè Lalwa yo ki te sòti sitou nan gwoup Farizyen yo (Mt 5,22; Mk 15,1; Lk 22,60, T Ap 4,15 ; 23,1 ; 5,34). Li pa t gen dwa kondane moun amò (Jn 18,31). Konsa, kondanasyon Etyèn se yon esepsyon (T Ap 7,56-60).

Samariten :

Se non moun ki abite lavil Samari oswa distri Saman. Se yon popilasyon izrayelit ki mele ak anpil pèp etranje depi lane 721 anvan Jezi Kri (2Wa 17,24-34). Konsa yo te vin pèdi idantite yo kòm desandan Abraram, Izarak, Jakòb, e kòm eritye reliyyon Moyiz la. Jwif yo te meprize yo (Sirasid 50,25-26; Jn 8,48) e yo pa t vle wè Jwif yo (Lk 9,51-55). Konsa yo pa gen bon rapò youn ak lòt (Jn 4,9).

Jezi montre anpil kè sansib ak anpil respè pou Samariten yo (Lk 10,29-37; 17,11-19; Jn 4,5-42). Apre Legliz Jerizalèm nan, se yo k ap aksepte Pawòl la an premye grasa Filip, dyak la (T Ap 8,4-8.14).

Santiryon :

Se yon ofisyen nan lame Women yo ki te alatèt 100 sòlda. Chak batayon te gen 59 santiryon. Yo nonmen non yo nan Levanjil yo (Mt 8,5-13; 27,54) ak nan Travay Apot yo (T Ap 10,1; 21,32; 22,25-26; 23,17-23; 27,1).

Satan :

Mo a vle di « sila a k ap plede kont ou » (Sòm 109,6; Jòb 1,6-12; 2,1-7). Nan Nouvo Kontra a, Satan parèt kòm yon lènmi ki vle antrave plan delivrans Bondye a, epi mete konfizyon nan travay Jezi ki vin simaye Bon Nouvèl la (Lk 10,18; Jn 13,27; Mk 4,15; 1Kor 7,5; 2Kor 12,17; 1Tes 2,18).

Satan pote lòt non :

- Dyab, ki vle di « Sila a k ap divize a » oswa « k ap gaye a » (Mt 4,9; Lk 4,2,13; Mt 13,39)
- Demon (Mk 1,24). Yo wè yo kòm zanj rebèl, kòm asosye Satan.
- Chèf tè a (Jn 12,31; 14,30; 16,11)
- Sila a ki mechan an, Malveyan an (Mt 13,18; Jn 17,15)
- Lespri pa pwòp (Mk 6,7; Lk 8,29; T Ap 8,7; 19,13).

Seza :

Tit ofisyèl lanprè Women yo, depi Jil Seza (49 anvan Jezi Kri) rive sou Domisyen (96 apre Jezi Kri). Lanprè ki te gen tit Seza e ki gen non yo site nan Nouvo Kontra a se:

- Seza Ogis (Lk 2,1)
- Tibè (Lk 3,1)
- Klod (T Ap 11,28; 18,2).

Sinagòg :

Se te kay reyinyon Jwif yo. Se la tou yo te konn reyini jou saba pou yo lapriyè ak pou yo koute Pawòl Bondye a. Jezi ak Apot li yo te gen abitid al patisipe nan sèvis sinagòg yo, sitou jou saba (Mk 1,21; Lk 4,16). Nan tan Jezi, te gen yon pakèt sinagòg ni Jerizalèm, ni nan tout Palestin ak nan mitan

ESPLIKASYON SOU KÈK MO

Jwif ki te gaye nan divès peyi. Sa yo vin rele Dyaspora. Jis lajounen jodi a Jwif yo toujou sèvi ak sinagòg.

Sikonsizyon :

Operasyon yo te konn fè sou pati gason an kòm siy li te manm pèp Bondye chwazi a (Jenèz 17,11 ; Egzòd 12,44). Pwofèt, sitou Jeremi, te montre sikonsizyon nan kò a pa ase pou yon moun fè pati pèp Bondye a, fòk li fè sikonsizyon nan kè 1 tou (Jer 4,4 ; 6,10).

Yo te fe sikonsizyon ni pou Janbatis, ni pou Jezi (Lk 1,59 ; 2,21).

Nan kòmansman Legliz la, se sitou Pòl ki te pote limyè sou kesyon an, Apot yo te deside kite sikonsizyon an tonbe pou kretyen ki pa t sòti nan ras jwif yo (T Ap 15)

Talan :

Yon pyès lajan women ki te peze apeprè 3500 gram e ki te vo 3 mil dola ameriken konsa.

Tanp :

Kay sakre kote Jwif yo te konn reyini, pou yo lapriyè, pou yo koute Pawòl Bondye a, pou yo pote ofrann ak pou yo fè sèvis bêt pou Bondye. Se nan Tanp lan prèt yo te konn fè sèvis yo chak jou, men sitou lè te gen gwo fèt yo, tankou Pak ak Lapannkot. Si te gen anpil sinagòg toupatou, te gen yon sèl Tanp. Se Jerizalèm li te ye.

Jezi ak Apot li yo te konn al nan Tanp lan (Jn 2,12 ; Lk 19,45 ; T Ap 3,1).

Depi lame women yo te fin kraze Tanp lan, nan lane 70, Jwif yo pa janm rebati 1.

Lis kèk dat ak evènman enpòtan

63 anvan Jezi Kri	:	Women yo okipe Palestin
37–4 anvan Jezi Kri	:	Ewòd Legran wa Palestin
29 anvan Jezi Kri–		
14 apre Jezi Kri	:	Seza Ogis lanprè Women yo
20 anvan Jezi Kri	:	Yo te kòmanse rebati Tanp lan
6/7 anvJK	:	Jezi te fèt nan Betleyèm
4 anvan Jezi Kri	:	Wa Ewòd Legran mouri, Li gen twa pitit li ki ranplase 1: Akelayis, Ewòd Antipas ak Filip
4 anvan Jezi Kri–		
39 apre Jezi Kri	:	Ewòd Antipas gouvènè Galile ak Pere
6–15 apre JK	:	Àn, Prèt anchèf
14–37 apre JK	:	Tibè lanprè Women yo
18–36	:	Kayif, Prèt anchèf
26–36	:	Pilat, Pwokiratè women nan Jide men ki te pase plis tan nan vil Sezare. Li te konn al Jerizalem nan okazyon gran fèt yo.
27	:	Batèm Jezi
30	:	Lanmò Jezi (petèt vandredi 7 avril)
Ant 33 ak 37	:	Lanmò Etyèn ak konvèsyon Pòl
37	:	Ewòd Agripa Premye a vin wa Jide ak Samari
44	:	Lanmò Apot Jak, piti Zebede
45–49	:	Premye vwayaj misyonè Pòl
49	:	Gwo reyinyon Jerizalèm nan
50–52	:	Dezyèm vwayaj misyonè Pòl
53–58	:	Twazyèm vwayaj misyonè Pòl
54–68	:	Newon lanprè Women yo
62	:	Lanmò Jak, frè Granmèt la
64	:	Yo met dife nan vil Wòm. Yo akize kretyen yo. Yo pèse-kite yo.

ESPLIKASYON SOU KÈK MO

- Ant 64 ak 67 : Lanmò Pyè ak Pòl nan vil Wòm
 66–70 : jwif yo revòlte kont Women yo nan Palestin.
 70 : lame Women yo anvayi Jerizalèm. Yo met dife nan Tanp lan.

Tablo non ak valè kèk lajan nan Levanjil yo

Non	vale an US\$	pwa an gram	lajan ki kote
estate	18,2		grèk
denye	0,3	3. 89	women
drak	0,32	4. 50	grèk
kadran	0,01		women
las	0,05		women
min	430,	550,	women
talan	13000,	35000,	women